



Pou Piblikasyon Imedya: 20/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ AMELYORASYON OTOWOUT 47 MILYON DOLA SOU STATE ROUTE 17 NAN KONTE TIOGA

Rekonstriksyon chose ak reyabilitasyon pon an pral amelyore sekirite ak amelyore mobilite sou atè vwayaj vital Southern Tier

Investisman an ap konplete "Southern Tier Soaring" – ki se estrateji global reyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke gwo konstriksyon ankou nan yon pwojè 47 milyon dola pou renouvle yon twonson kle nan State Route 17 nan Vil Owego, Konte Tioga, pou ranfòse sekirite ak amelyore vwayaj sou yon atè vital pou vwayajè ki prale ak soti nan Southern Tier. Pwojè dezan an pral refè sifas apeprè 35 km chose epi reyabilite de pon pou amelyore mobilite ak rezistans sou otowout la, ki te afekte akòz plizyè ane sezon fredi difisil ak gwo trafik. Pwojè a fè pati angajman san parèy Gouvènè Hochul pou modènize enfrastrikti Eta New York ak investi nan pwojè ki pwomouvwa ekite, konektivite ak opòtinite transpò pou kominote yo toupatou nan eta a.

"New York ap fè investisman enpòtan pou asire atè vwayaj enpòtan nou yo kenbe moun yo ap deplase pandan plizyè deseni," **Gouvènè Hochul te deklare.** "State Route 17 se youn nan wout ki pi itilize nan Southern Tier, epi pwojè amelyorasyon otowout sa a pral ogmante rezistans li epi ede kenbe sikilasyon an kèlkeswa defni Manman Lanati poze."

Pwojè a pral refè sifas wout la epi amelyore ray gid sou State Route 17 soti nan Sòti 65 nan Owego rive nan liy Konte Broome. Pavaj la pral enplike yon melanj asfalt cho, ki diminye depans ak amelyore pèfòmans ak dirabilite chose a konpare ak aplikasyon tradisyonèl asfalt cho. De pon ki pote State Route 17 sou Apalachin Creek yo pral reyabilite tou ak nouvo teras wout, baryè ak sipò an beton pou amelyore sekirite ak rezistans.

Travay sou pwojè a pral pwolonje sou de pwochen sezon konstriksyon yo epi gran wout la ap rete ouvè pandan travay la ap fèt, men otomobilis yo ta dwe atann restriksyon sou liy sa yo ak modèl trafik yo:

- Pandan sezon konstriksyon 2024 la, trafik yo pral redwi a yon sèl liy nan chak direksyon ki separe pa yon baryè an beton epi trafik nan direksyon lwès yo pral travèse sou bò lès la.
- Kòmanse nan prentan 2025, trafik yo pral redwi a yon sèl liy nan chak direksyon ki separe pa yon baryè an beton epi trafik nan direksyon lès yo pral travèse sou bò lwès la.

Detou yo pral anplas tou pou otomobilis k ap itilize sòti 66 nan direksyon lwès pou monte ak pou desann ranp yo pandan sezon 2024 ak ranp nan direksyon lès yo pandan 2025. Yo pral retire detou ak kwazman yo pandan mwa ivè yo pou pèmèt trafik nòmal ant sezon konstriksyon yo. Pwojè a pral kreye plis pase 600 djòb e li gen ladan l yon Akò Travay Pwojè pou asire yo trete travayè yo ak jistis epi peye yo byen.

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York priyoreze investi ak rekonstwi enfrastrikti atravè Eta New York pou rekonekte kominote yo, amelyore rezistans epi ede ekonomi nou an grandi. Reyabilitasyon State Route 17 sa a pral amelyore vwayaj sou wout ki pi enpòtan nan eta a epi asire operasyon kontinyèl yon pòtay enpòtan pou bèl Southern Tier."

Senatè Eta Thomas F. O'Mara te deklare, "Li rete yon angajman fondamantal pou Eta New York investi nan ranfòsman, amelyorasyon, ak antretyen wout ak pon isit la nan Southern Tier ak nan tout eta a. Pwojè sa a pou rekonstwi ak reyabilite yon pati enpòtan nan Route 17 atravè Konte Tioga pral revitalize enfrastrikti transpò rejyonal la pou yon tan ki long nan gwo avantaj ak sekirite otomobilis nan zòn nan ak vwayajè k ap vizite yo."

Prezidan Lejislati Konte Tioga a, Martha Sauerbrey, te deklare, "Moun ki vwayaje sou wout 17 la trè kontan dèske wout la pral tounen yon pasaj alèz jan li te ye plizyè ane de sa. Se te yon defi pou vwayaje sou wout sa a e nou trè kontan dèske gwo konstriksyon ap fèt!"

Majistra Owego, Michael Baratta III, te deklare, "Pwojè sa a se yon reparasyon ki te nesesè depi lontan nan yon wout yo itilize anpil epi tout moun pral apresye anpil. Mwen trè rekonesan Eta New York ap investi nan enfrastrikti nan Konte Tioga."

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konplete pwojè "Southern Tier Soaring", ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon pwochen jenerasyon an. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

Nou ankouraje otomobilis yo anpil pou yo ralanti epi kondui nan yon fason responsab nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay.

Kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Pou jwenn enfòmasyon resan rele 511 oswa vizite 511NY.org.

Swiv DOT Eta New York sou Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT) ak [@NYS DOT BGM](https://twitter.com/NYS DOT BGM). Jwenn NYSDOT sou Facebook nan facebook.com/NYS DOT.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)